

Brothers and Sisters/Frè ak Sè



Ki santiman ou genyen lè ou pral genyen yon ti frè osinon yon ti sè. Anvan lontan Tori pral konnen sa. Manman l pral genyen yon ti bebe. “Èske manman m pral renmen ti bebe a plis pase m?”

Ben genyen yon ti frè. Doris genyen yon ti sè. Pafwa yon ti bebe nan yon fanmi trè amizan. Ti bebe yo si tèlman piti. “Se tout tan mwen ta renmen pase men m sou tèt yo, karese yo.” Se sa Doris di.

Men se pat tout lè ti bebe amizan. Ben di: “ Bebe pa kapab fè anyen pou kont yo.” Manman mwen renmen mwen, men li si tèlman okipe nan pran swen ti bebe a mwen oblije jwe pou kont mwen jiskaske ti bebe ap fè yon ti dòmi.

Mwen fatige tande “ Ala yon bèl ti bebe.” Se sa Valerie di. “Mwen ta renmen kenbe ti sè m pou kont mwen.” Se sa Michael ak Leo di.

Jasmine ak Juanita yo menm, yo genyen yon ti sè ki déja konn mache, se yon ti **tapajè**. Manman mwen di m, mwen bali yon bon **koudmen** ak ti sè m. Mwen amize m, e ede distre tibebe a.



Frè ak sè kapab amize yo ansann. Yon frè kapab ede yon ti sè prepare l pou l al lekòl. Ou aprann pataje sa w genyen ak frè e sè w. Katelyn ak Jordan prèske menm laj. Yo se bon zanmi.



Se pa sa ki di pafwa yo kònn pa dakò.

Jeremy ak Jonathan se marasa. Marasa se frè ak sè ki gen menm laj. Yo fèt menm lè. Gen marasa ki sanble anpil, ou gen dwa pran youn pou lòt. Yo rele marasa sa yo idantik. Konsa tou gen marasa ki pa sanble youn ak lòt.



marasa

Laura ak Emma se sè adoptif. Frè ak sè adoptif pa gen menm manman ak menm papa. Men yo fè pati de menm fanmi. Youn renmen lòt.

Granmè ak granpè gen frè ak sè. Apre swasanndizan yo toujou rete bon zanmi.

Aktivite

Mwen Konprann istwa a.

1. Dekri ide prensipal ki nan istwa a?
2. Ki fraz ki di de ki sa y ap pale nan istwa a?
3. Kijan yon tibebe ka chanje lavi yon gran frè ak yon sè nan kay la?
4. Ki diferans ki genyen ant marasa e timoun adotif?
5. Èske se yon bon bagay lè w genyen yon ti frè ousinon yon ti sè?

Ann nou reflechi sou istwa a.

1. Kijan frè ak sè pafwa se bon zanmi?
2. Èske ou kònn kenbe yon ti bebe? Kijan ou te santi w?
3. Lè n ap pale de fanmi nou itilize mo tankou: manman, papa, frè ak sè. Ki sa mo frè a vle di? Kisa mo sè a vle di?
4. Èske ou menm ou gen frè ousinon sè? Èske yo pi gran pase w?
5. Marasa se frè ak sè ki gen menm laj, pafwa yo sanble. Marasa idantik se frè ak sè ki gen resanblans. Èske ou janm rankontre marasa idantik?
6. Poukisa otè a ekri istwa sa a?
7. Nan fen istwa a poukisa otè a repete dènye fraz sa a?..." Apre swasanndizan yo toujou rete bon zanmi."
8. Granmoun gen frè ak sè tou. Ki mo ki vle di sè manman w? Ki mo ki vle di frè manman w?

Devlopman langaj

Sou tablo a fè yon graf pou elèv yo idantifye epi klasifye manb yon fanmi. Diskite sens chak mo.

Manb yon fanmi

Mal	Femèl
Papa	Maman
Granpapa	Granmè
Pitit gason	Pitit fi
Monnonk	Matant
neve	Nyès
kouzen	Kouzin

Enimere lòt non pou di :

Papa,
Manman,
Grann,
Granpè,